

TRADHISI SURAN AGUNG SAJRONE PETILASAN NYAI LAMBANG KUNING ING KABUPATEN MADIUN

(Tintingan Folklor Setengah Lisan)

YULIANA SRI ASTUTI

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

Astutiyulia17@gmail.com

ABSTRAK

Tradisi Suran Agung ing Petilasan Nyai Lambang Kuning minangka salah sawijine wujud folklor setengah lisan kang ana ing desa Nglambangan, Kecamatan Wungu, Kabupaten Madiun. Tradisi Suran Agung ing petilasan Nyai Lambang Kuning iki ditindakake dening masyarakat Nglambangan saben setaun pisan yaiku nalika mapag sasi Sura. Underane panliten, yaiku: (1) Kepriye mula bukane legendha sesambungan karo anane Tradisi Suran Agung ing desa Nglambangan; (2) Tradisi-tradisi apa wae kang ana ing petilasan Nyai Lambang Kuning; (3) Apa wae makna lan simbol kang kinandhut sajrone Tradisi Suran Agung; (4) Nilai-nilai budaya apa wae kang kinandhut ing Tradisi Suran Agung; (5) Kepriye fungsi Tradisi Suran Agung; (6) Kepriye owah-owahan sajrone Tradisi Suran Agung. Tujuwan panliten iki, yaiku: (1) Njlentrehake mula bukane legendha petilasan Nyai Lambang Kuning sesambungan karo anane Tradisi Suran Agung; (2) Njlentrehake wujud-wujude tradisi kang ana ing petilasan Nyai Lambang Kuning. (3) makna lan simbol kang kinandhut sajrone Tradisi Suran Agung; (4) Njlentrehake nilai-nilai budaya sajrone Tradisi Suran Agung; (5) Njlentrehake fungsi Tradisi Suran Agung; (6) Njlentrehake owah-owahan kang dumadi ing tradisi sajrone Tradisi Suran Agung.

Paedah kang bisa dijupuk saka panliten iki yaiku, (1) Nambahi kawruh lan informasi marang pamaca ngenani wujude Tradisi Suran Agung kang ana ing Desa Nglambangan; (2) Nilai-nilai budaya sajrone Tradisi Suran Agung lan tradisi bisa digunakake kanggo nikelake lan uga mangun karaktere masyarakat; (3) Owah-owahan dingerten kanggo ngandharake pambeda-pambeda sajrone Tradisi Suran Agung kang ngrembaka wiwit jaman biyen nganti jaman saiki; (4) Kanggo dhokumentasi, mligine tumrap masyarakat desa Nglambangan ing babagan budaya supaya tansah dijaga lan diuri-uri.

Landhesan titingane yaiku konsep folklor, konsep tradisi konsep makna lan simbol nggunakake yaiku teori semiotik peirce. Nilai budaya nggunakake konsep Latini kang diperang dadi telu, yaiku nilai dhidhaktik, nilai etik, lan nilai religius. Fungsi Tradisi Suran Agung nggunakake teori modifikasi saka Malinowski, William R. Bascom, lan Alan Dundes. Owah-owahan kang dumadi sajrone Tradisi Suran Agung nggunakake konsep Danandjaja lan Koentjaraningrat. Panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif komparatif. Sumber dhata kang ana sajrone panliten iki kaperang dadi loro, yaiku sumber dhata *primer* lan *sekunder*. Sumber dhata *primer* yaiku para informan kang mangerteni Tradisi Suran Agung, dene sumber dhata *sekunder* yaiku arupa dhata saka informan tambahan, gambar dhokumentasi lan cathetan lapangan.

Asile panliten iki nuduhake yen Tradisi Suran Agung nduweni salah sawijine tatalakune adipara: Slametan Widak Kubra, Tahlilan utawa istighozah, kirab tumpeng Boga Warsa lan Kirab Pusaka. Hiburan ing kene ana pagelaran langen beksa utawa tayuhan lan uga wayangan. Ubarampé panjangkeping adipara kang digunakake sajrone Tradisi Suran Agung, yaiku; ambeng (tumpeng), jenang putih, jenang abang, jenang barobaro, jadah, rengginang, ingkung, kembang, pala pendhem lan sapanunggalane. Wujud nilai budaya ana telu, yaiku: (1) Nilai dhidhaktik; (2) Nilai etik; (3) Nilai religius. Fungsi sajrone Tradisi iki, yaiku: (1) Minangka alat proyeksi; (2) Minangka alat pangesahan budaya; (3) Minangka sarana pendhidhikan; (4) Minangka alat pengendali sosial; (5) Minangka alat kanggo nentremake ati; (6) Minangka sarana kanggo ngalab berkah; (7) Minangka alat hiburan; lan (8) Fungsi Ekonomi. Owah-owahan kang dumadi sajrone tradisi, yaiku dumadi ing ubarampe lan sesajen kang digunakake sajrone adipara Suran Agung.

Tembung wigati: Suran Agung, Nyai Lambang Kuning

PURWAKA

LELANDHESAN PANLITEN

Indonesia minangka negara kang jembar tlatahe, nduweni maneka werna kabudayan kang kasebar ing nuswantara. Tlatah Indonesia dumadi saka pulo-pulo, klompok masyarakat, lan suku bangsa kang nduweni kabudayan. Saka maneka wernane kabudayan kasebut ndadekake ciri khas kang beda-beda antarane kabudayan siji lan sijine. Ciri khas kabudayan iku dhewe bisa dideleng saka karakteristike, saengga bisa dibedakake kabudayan ing antarane saben-saben dhaerah. Kabudayan saben dhaerah nduweni makna lan uga simbol kang beda-beda. Kabudayan kuwi tuwuh lan ngrembaka sajrone panguripane manungsa, uga karipta saka pamikirane manungsa. Manungsa ora bisa urip tanpa anane kabudayan, semono uga kabudayan ora bakal ana tanpa masyarakat panyengkuyunge.

Panliten budaya asipat dinamis lan dialektis (Endraswara, 2006:1). Kabudayan nuswantara bisa diperang dadi telu, yaiku (1) kabudayan lokal, (2) kabudayan dhaerah lan, (3) kabudayan nasional. Katelu kabudayan kasebut ora bisa dipisahake antarane siji lan sijine, amaraga katelune padha ana gegayutane. Salah sawijine kabudayan lokal kang dikaji panliti kanggo ngoncek iku kabudayan lokal kang ana ing Desa Nglambangan Kecamatan Wungu Kabupaten Madiun yaiku Tradhisi Suran Agung kang sabanjure dicekak TSA. TSA ing Nglambangan nduweni daya tarik kang mligi tumrap masyarakat, kayata: (1) TSA dianakake seutun pisan yaiku ing sasi Sura, tiba ing dina Jemuuh Legi, (2) TSA nduweni tatarakit kang baku lan beda karo desa liyane, (3) Papan panggonan ana ing petilasan Nyai Lambang Kuning (NLK) minangka leluhure Desa Nglambangan, (4) Sajrone TSA ngandhut makna kang wigati tumrap panguripane masyarakat, (5) Sajrone TSA ana saperangan kang ngalami owah-owahan saka taun sadurunge.

TSA ing desa Nglambangan Kabupaten Madiun iku kalebu salah sawijine kabudayan lokal lan uga folklor setengah lisan kang prelu dijaga lan dilestarikake. TSA iki nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap panguripane masyarakat Nglambangan. TSA iki kudu tansah dilestarikake kanthi cara dilaksanake ing saben taune supaya warga desa Nglambangan tansah ayem tentrem lan ora kena pageblug.

Ngrembakane jaman saiki nduweni pangaribawa kang gedhe sajrone TSA. Pangaribawa kasebut yaiku ing saperangan tatarakitadicara utawa kagiyatan utawa pelaksanaan lan uga ubarampe ngalami owah-owahan. Owah-owahan saka tatarakit utawa pelaksanaanadicara lan ubrampe ndadekake masyarakat nduweni panemu kang beda saka taun sadurunge. Masyarakat ing jaman saiki nduweni panemu kang luwih ringkes ngenani nanane TSA. Nanging saka anane owah-owahan kasebut ora ndadekake nilai spiritual lan magis kang ana sajrone TSA dadi luntur.

TSA kang ana ing Desa Nglambangan kasebut dikarepake bisa narik kawigaten saka pamarintah dinas

kabudayan. Tujuwane supaya masyarakat luwih bisa mangerteni ngenani TSA. Adhedhasar andharan ing ndhuwur kuwi, sawijine ancas saka panliten iku yaiku minangka wewujudan saka upaya ngrembakake lan nguri-uri kabudayan Jawa supaya ora luntur kagerus pangrembakane jaman. Panliten ngenani tradhisi iki, durung tau ana kang nliti. Mula saka kuwi, tradhisi kasebut narik kawigaten kanggo dianalisis luwih jero. Adhedhasar andharan kasebut uga, tuwuhan saperangan bab kung bisa ditintingi sajrone TSA. Panliten iki bakal ngoncek iku antarane yaiku ngenani wujud TSA, Makna lan simbol sajrone ubarampe tradhisi, nilai, fungsi, lan uga owah-owahan kang ana sajrone TSA. Adhedhasar sakabebe bab kasebut, mula saka kuwi panliten menehi irah-irahan tumrap panliten iku yaiku “*Tradhisi Suran Agung Sajrone Petilasan Nyai Lambang Kuning ing Kabupaten Madiun*” kanthi tintingan Folklor Setengah Lisan. Panliten iki kalebu panliten kualitatif dheskriptif komparatif ngenani salah sawijine kabudayan kang ditujokake kanggo ngeleluri lan nglestraikake budaya Jawa.

UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar underan panliten ing ndhuwur bisa ditemokake tujuwan panliten kaya ing ngisor iki:

- 1) Kepriye mula bukane Legenda petilasan NLK sesambungan karo anane TSA ing desa Nglambangan Kabupaten Madiun?
- 2) Tradhisi –tradhisi apa wae kang ana ing petilasan NLK?
- 3) Makna lan simbol apa wae kang kinandhut ing TSA?
- 4) Nilai-nilai budaya apa wae kang kinandhut ing TSA sajrone petilasan NLK?
- 5) Kepriye fungsi TSA tumrap bebrayan ing desa Nglambangan Kabupaten Madiun?
- 6) Kepriye owah-owahan sajrone TSA tumrap bebrayan masyarakat Desa Nglambangan Kabupaten Madiun?

ANCASE PANLITEN

Panliten ngenani “TSA” ing Desa Nglambangan Kecamatan Wungu Kabupaten Madiun iki nduweni tujuwan:

- 1) Ngandharake kepriye mula buka Legenda petilasan nyai lambang kuning sesambungan karo tradhisi lan kapitayan kang isih ngrembaka ing Desa Nglambangan Kabupaten Madiun.
- 2) Ngandharake wujud-wujude tradhisi kang ana ing petilasan NLK gegayutan karo legendha petilasan NLK.
- 3) Ngandharake makna lan simbol kang kinandhut ing TSA kang Gegayutan karo Petilasan NLK.
- 4) Ngandharake nilai-nilai budaya apa wae kang kinandhut ing TSA ing Desa Nglambangan Kecamatan Wungu Kabupaten Madiun.
- 5) Ngandharake fungsi kang ana sajrone TSA ing Desa Nglambangan Kabupaten Madiun.
- 6) Ngandharake kepriye owah-owahan sajrone TSA ing bebrayan masyarakat Desa Nglambangan Kecamatan Wungu Kabupaten Madiun.

PAEDAHE PANLITEN

Paedah panliten iki, yaiku:

- 1) Nambahi kawruh lan informasi marang pamaca ngenani legendha lan tradisi mligine wujude Legendha petilasan NLK lan TSA kang ana ing Desa Ng lambangan Kecamatan Wungu Kabupaten Madiun.
- 2) Nilai-nilai budaya kang kinandhut sajrone legendha lan Tradisi bisa digunakake kango nikelake lan uga mangun karaktere masyarakat.
- 3) Owah-owahan dingerten i kanggo ngandharake ngenani pambeda-pambeda kang ana sajrone TSA yaiku pambeda saka jaman biyen nganti jaman saiki.
- 4) Kanggo dhokumentasi, mligine tumrap masyarakat Desa Ng lambangan ing babagan kabudayan amrih tansah dijaga lan diuri-uri. Uga supaya para masyarakat kang ana ing sajero lan sajabane Desa Ng lambangan kabeh mangerten anane tradisi lan legendha kasebut.

WEWATESANE PANLITEN

Wewatesan panliten digunakake supaya panliten iki ora mlenceng saka konsep kang wis ditemtokake. Kabeh iku bakal diandharake adhedhasar tintingan lan teori kang wis tumata.

- 1) **Tradisi**, yaiku adat pakulinan, kapitayan lan sapanunggalane kang diwarisake kanthi cara turun temurun (Poerwadarminta, 1976:1088).
- 2) **Suran Agung**, yaiku sasi kang mligi kanggo sarana nyedhakake dhiri marang Gusti Allah Kang Maha Kuwaswa, kanthi cara tirakat utawa nyuda utawa nindakake slametan sasi Sura supaya tansah antuk kawilujengan, katentreman lan barokah saking Gusti Kang Murbeng Dumadi.
- 3) **Folklor**, nduweni teges saperangan kabudayan kolektif kang sumebar lan diwarisake turun-temurun kanthi cara tradisional kanthi versi kang beda kayadene lisan utawa gerak isyarat utawa kanggo mbiyantu pangeling-eling (Danandjaja, 1984: 1-2).
- 4) **Folklor setengah lisan (partly verbal folklore)**, yaiku wujude campuran unsur lisan lan dudu lisan, kayadene kapercayan, tarian rakyat, pesta rakyat, upacara, hiburan rakyat, lan (3) Folklor dudu lisan (*non verbal folklore*), yaiku folklor kang wujude dudu lisan nanging cara nggawene diwulang kanthi cara lisan, kayadene *arsitektur* rakyat, lan gerak tradisional rakyat.
- 5) **Petilasan**, yaiku kuburan.
- 6) **Nyai Lambang Kuning**, Tokoh masyarakat ing Desa Ng lambangan ing jaman Majapahit, yaiku salah sawijine tedhak turune kerajaan Kahuripan nalika mangsa pamarentahan Prabu Airlangga 1009-1042 M.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Kabudayan Jawa

Kabudayan Jawa yaiku konsep-konsep ngenani bab apa wae kang ngrembaka sajrone alam pamikiran manungsa, kang dianggep nduweni nilai, nduweni aji, lan wigati tumrap panguripane wong Jawa saengga bisa nduweni fungsi minangka sawijine pedhomian panguripan kanggo masyarakat Jawa (Koentjaraningrat, 1990: 203-204). Kabudayan ing alam donya dumadi amarga anane manungsa minangka panyengkuyung kabudayan kasebut. Bebrayan kang ndadekake kabudayan bisa lestari lan ngrembaka, saengga manungsa lan kabudayan sejatiné

nduweni gegayutan kang raket. Kekarone nduweni piguna kanggo nyengkuyung siji lan sijine. Kabudayan ana amarga manungsa lan kabudayan ana kanggo njangkepi kabutuhane manungsa. Adhedhasar katrangan kasebut bisa didudut yen kabudayan minangka lairing pangrasa lan pikiran saka saperagan manungsa sajrone masyarakat tartamtu.

Folklor

Titikan kang paling utama folklor miturut Danandjaja (2002: 3-4) ing antarane yaiku: (1) disebarake lan diwarisake kanthi cara lisan lan gethok tular marang wong siji lan sijine, (2) folklor asipat tradisional amarga cara nyebarake silih gumanti saengga mbuthuhake wektu suwe, (3) folklor ana versi lan varian kang beda-beda, (4) folklor asipat *anonim*, (5) folklor nduweni wujud *berpolia*, (6) folklor nduweni paedah tumrap panguripane wong akeh lan *kolektif*, (7) folklor asipat *pralogis*, (8) folklor dadi duweke bebrayan kang ana ing dhaerah tartamtu, (9) folklor umume asipat polos lan lugu, mula kerep katon kasar utawa kalem uga alus.

Miturut Bruvand kang kakutip dening Danandjaja (2002:21-22) ngandharake menawa wujude folklor ana telu yaiku: (1) folklor lisan (*verbal folklore*), yaiku folklor kang wujude nyata lisan, kaya dene basa rakyat, geguritan, uga pitutur tradisional utawa gugon tuhon, (2) folklor setengah lisan (*partly verbal folklore*), yaiku wujude campuran unsur lisan lan unsur dudu lisan, kayadene kapercayan, tarian rakyat, pesta rakyat, upacara, hiburan rakyat, lan (3) Folklor dudu lisan (*non verbal folklore*), yaiku folklor kang wujude dudu lisan nanging cara nggawene diwulang kanthi cara lisan, kayadene *arsitektur* rakyat, lan gerak tradisional rakyat.

Tradisi

Tradisi uga bisa ditegesi samubarang tumindak kang wis dadi pakulinan kang ditindakake wiwit jaman biyen nganti jaman saiki. Saliyané iku, Koentjaraningrat (1987:11) uga ngandharake patang tingkatan adat tradisi, yaiku (1) *tingkat nilai budaya*, yaiku arupa ide kang nuwuhalé konsep ngenani bab nduweni aji kang luhung ing sajrone bebrayan biyasane gegayutan karo emosi jiwané manungsa kayadene tulung tinulung; (2) *tingkat sistem norma*, yaiku arupa nilai budaya kang gegayutan karo dhapuke anggota masyarakat ing bebrayan lan bisa owah saben wektu kang diarani kaya uggah-ugguh ing anatrane wong tuwa lan anak, guru lan murid, lan sapanunggalan; (3) *tingkat ukum*, yaiku arupa ukuman kang lumaku ing bebrayan kayadene adat palakrama lan ukum waris, lan (4) *tingkat aturan khusus* yaiku arupa aturan tumrap tumidak kan winates ing bebrayan lan nduweni sipat konkret kayadene pranata solah bawane.

Makna lan Simbol

Pierce sajrone (Eagleton, 2006:145), ngandharake yen tandha kaperang saka: ikon (*icon*) yaiku, sawijine tandha kang dumadi adhedhasar saka anane pepadhan kang memper karo samubarang kang ditandhani, tuladhane gambar lan gagasané.

Piranti kang awujud simbol biyasane manggon ing sajrone upacara-upacara tradhisi. Lumantar simbol, tandha, lan pralambang kang disinaoni banjur dilakoni bisa dadi sawijine sarana ngleluri budaya, utamane budaya lokal utawa budya dhaerahe dhewe supaya ora ilang kagerus pangrembakane jaman.

Hermeneutika

Hermeneutik ateges ilmu kanggo napsirake karya sastra kanthi cara mangerten iku sakabehe unsure. Hermeneutika ora mung kanggo nintingi karya sastra wae, kanthi majune jaman bisa kango nintingi bab-bab liya kayadene nintingi upacara ritual. TSA ana sesambungan karo babagan hermeneutik. Wujud kabudayan minangka asil karyane manungsa menthi nduweni teges saka sakabehe simbil kang digunakake. Unsur kabudayan kang diduweni masyarakat satemene nduweni simbol kang ana ing TSA minangka pratandha tumindake manungsa. Saliyane iku, simbol kasebut ngemu pititur saengga wujud simbole bisa disawang, dirungokake, dieling-eling, lan dimagerten.

Nilai Budaya

Nilai budaya mujudake wawasan kang beda ing antarane masyarakat siji lan liyane. Nilai budaya umume uga nduweni ruwang lingkup kang amba lan biyasane angel diterangake kanthi cara rasional lan nyata. Saben-saben individu kang ana sajrone masyarakat nduweni nilai budaya lan uga nduweni sesambungan, saengga nuuhake sawijine sistem lan dadi pedhoman konsep *ideal* sajrone kabudayan sarta bisa menehi penyengkuyung kang kuwat tumrap lakune urip masyarakat (Kontjaraningrat, 1990: 90).

Fungsi

Miturut Bascom (sajrone Danandjaja, 2002:19) pigunane folklor ana papat, yaiku: 1) minangka *sistem proyeksi*, yaiku kaca pangilone angen-angen saka kolektif, 2) minangka sarana pangesahe budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, lan 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake dening bebrayan utawa *kolektif*. Miturut Dundes (sajrone Sudikan 2001:100), ngandharake yen pigunane folklor iku ana lima, yaiku: 1) kanggo nambah rasa rukun antarane bebrayan, 2) menehi piranti kang bisa dibenerake dening bebrayan, 3) supaya ora dadi padudon ing bebrayan, 4) dadi piranti kang bisa ngayomi bebrayan saka tumindak kang ora adil, lan 5) minangka piranti sing nyenengake saka donya kang nyata saengga bisa ngowah-owahi pakaryan sing ora pati kepenak dadi pakaryan kang nyenengake.

Owah-owahan

Kabudayan mujudake bab kang sipate dinamis, saengga ora bisa uwal saka anane owah-owahan kabudayan kasebut. Owah-owahane kabudayan ora mesthi ana, kabudayan bisa owah amarga anane owah gingsire jaman kang saya suwe tansaya maju pengrembakane. Mula saka kuwi, kabudayan iku ora ana kang asipat statis utawa ora owah. Kabudayan bisa owah

kanthi jangka wektu kang suwi. Anane owah-owahan kasebut bisa amarga anane faktor saka njero lan uga faktor saka njaba. Faktor saka njero bisa awujud kayata discovery lan invention. Faktor saka njaba yaiku kadadean saka anane proses difusi, akulturasni, lan uga asimilasi (Sukarman 2006:38). Koentjaraningrat (1990: 228) uga ngandharake yen pangrembakane kabudayan diwiwiti saka tahap kang prasaja nganti wujud kang kompleks, kuwi bisa diarani evolusi kabudayan. Saliyane iku, uga ana proses panyebaran jalaran anane migrasi bisa diarani uga difusi, lan uga krana anane proses liyane kayata akulturasni lan asimilasi.

Landhesan Teori

Teori folklor kang digunakake kanggo tintingan ing sajrone panliten iki yaiku teorine Danandjaja (1984:1-2) ngandharake menawa folklor setengah lisan. Banjur konsep kang digunakake kanggo nintingi bab makna simbol kang ana ing TSA yaiku nggunakake teori semiotik, yaiku salah siji ilmu utawa teori ngenani lambang utawa makna kang diandharake Pierce kaya kang dikutip Luxemburg (1989:45-46).

Panliten iki nggunakake nilai-nilai budaya dening Latin, kang ngandharake aspek nilai budaya nyangkup nilai didaktik, nilai etik, lan nilai religius kang ditemokake saka anane tradhisi lan Legendha kang ngrembaka. Bab fungsi TSA bisa ditintingi nggunakake teori modifikasi saka Bascom lan Alan Dundes kang ngandharake ngenani fungsi folklor kuwi, yaiku: 1) minangka sistem proyeksi, yaiku kaca pangilone angen-angen saka kolektif, 2) minangka sarana pangesahe budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, fungsi liyane kang nyengkuyung fungsi utama kang tuwuhan saka anane pengembangan analisis yaiku, 5) sarana kanggo nentremake ati, 6) sarana kanggo ngalab berkah, 7) minangka alat hiburan, 8) Fungsi ekonomi.

Banjur babagan owah-owahan TSA iki nggunakake konsep utawa panemune Danandjaja (2002:4) kang ngandharake ngenani panyebarane folklor yaiku kanthi cara gethok tular marang wong siji lan sijine, ora lumantar *cetakan* utawa *rekaman*. Lumantar gethok tular kuwi mau, antarane wong siji lan sijine nduweni pamikiran lan pamawas kang uga beda-beda. Mula saka kuwi, bisa ndadekake lan ngowahi folklor sithik baka sithithik. Saliyane iku, saka anane proses pola pikire manungsa kang saya ngrembaka uga bisa ngowahi folklor kang ana sajrone masyarakat lan ndandekake folklor kasebut saya ngrembaka. Saliyane nggunakake konsep Danandjaya uga digunakake konsep saka Koentjaraningrat, (2009:29) ngandharake owah-owahan budaya minangka proses *pergeseran*, pengurangan, penambahan, lan pangrembakane unsur-unsur sajrone kabudayan.

METODHE PANLITEN

Panliten sajrone TSA iki nggunakake ancangan panliten kang asipat kualitatif dheskriptif komparatif. Panliten kualitatif yaiku sawijine ancangan panliten kang ancane kanggo menehi cathetan saka tandhane samubarang kang dititi kanggo ngasilake data-data

aktual lan akurat. Panliten jinis dheskriptif luwih ngutamakake kwalitas dhata. Saliyane kuwi metodhe iki uga kanggo nggambareke kasunyatan-kasunyatan saka objek saengga bisa ngolehake asil kang bener lan pener. Panliten kang sipate komparatif yaiku, panliten kang mbandingake anane salah sawijine variabel utawa luwih sampel kang beda-beda utawa ing wektu kang beda.

Sumber Dhata

sajrone panaliten ngenani *TSA* iki ana loro, yaiku sumber dhata *primer* lan *sekunder*. Saka anane kaloro sumber dhata kasebut banjur bisa dadi dhata.

Dhata

Dhata utawa bahan utama ngenani *TSA* kang bakal diandharake bisa diperang maneh dadi loro yaiku dhata utama lan dhata tambahan. Dhata-dhata kasebut bakal diasilake kanthi cara ngamati, wawancara, lan dhokumentasi.

INSTRUMEN PANLITEN

Panliti

Panliti yaiku salah sawijine pawongan kang nindakake panliten iki. Ing kene panliti kadhapuk minangka dhalang ing sajrone panliten kang ditindakake, Moleong (2009:163).

Dhaftar Pitakonan

Sadurunge panliti nindakake wawancara marang informan dhaftar pitakonan luwih dhisik kudu digawe. Gunane dhaftar pitakonan yaiku kanggo antuk dhata utawa informasi saakeh-akehe saka informan.

Alat Bantu

Alat bantu kang dibutuhake sajrone panliten ngenani *TSA* iki yaiku:

- 1) Lembar observasi
- 2) Lembar angket utawa kuesioner
- 3) Kamera HP utawa kamera digital
- 4) Kartu dhata kanggo nglasifikasikake dhata miturut masalahe.

TATA CARA NGLUMPUKAKE DHATA

Observasi

Miturut Danandjaja (1984:197) observasi yaiku njingglengi utawa ngamati salah sawijine kadadean kanthi cara nggambareke kasunyatan kaya apa kang diingeti. Sudikan (2001:87) uga merang observasi adhedhasar sipat sesambungan dadi loro, yaiku *observasi biasa* lan *observasi terlibat*. *Observasi biasa* yaiku observasi kang ora ana sesambungan antarane panliti lan informan, jalaran panliti ora perlu melu cawecawe ing tumindake budaya kasebut. *observasi terlibat*, panliti nduweni sesambungan kang raket karo informan, saengga panliti bisa antuk katrangan saakeh-akehe ngenani samubarang kang ditliti.

Wawancara

Wawancara utawa *interview*, yaiku cecaturan kanthi maksud lan ancas tartamtu. Cecaturan iki ditindakake dening rong pihak, yaiku ing antarane tukang

wawancara kang menehi pitakonan lan sing diwawancarai yaiku kang aweh wangulan jawaban marang pitakonan kang wis diwenehake (Moleong, 2005:135).

Dhokumentasi

Dhokumentasi kanggo nggoleki dhata-dhata ngenani bab-bab utawa varian kang arupa cathetan, transkrip, buku, surat kabar, kalawarti, prasasti, notulen, rapat, legger, agendha lan liya-liyane (Arikunto, 2010:201).

Teknik Transkrip Dhata

Miturut Hutomo (1991:6) tatacarane *transkrip* dhata, yaiku (1) transkrip kanthi cara kasar yaiku, swara kang ana ing rekaman ditulis tanpa ngowahi hurup lan tandhane, (2) transkrip kasar iku mau banjur ditranslitake, (3) sawise iku, panliti miwiti anggone nyusun asil wawancara, (4) sawise asil saka transkripsi rampung, banjur bisa ditulis awujud teks.

KEABSAHAN DHATA

Miturut Sudikan (2001:169), keabsahan dhata iku bisa dibuktikake kanthi cara: 1) nindakake proses triangulasi, sajrone proses triangulasi bisa ditindakake kanthi patang cara yaiku triangulasi sumber dhata, triangulasi nglumpukake dhata, triangulasi tumrap metodhe pangumpulan dhata, lan triangulasi tumrap analisis sakabehane teori kanthi cara nggoleki teori kang relevan utawa selaras kang ana sajrone panliten; 2) nindakake peer debriefing, yaiku cara kang digunakanake kanggo mriksa lan nguji asil pneliten kang bener; 3) *member check* lan *audit trial* yaiku mriksa dhata kang isih mentah kayadene asil rekaman, dhokumen, lan photo.

TEKNIK ANALISIS DHATA

Langkah-langkah kang bisa ditindakake sajrone teknik analisis dhata ing panliten ngenani *TSA* iki yaiku kaya ing ngisor iki:

- 1) Dhata asil saka observasi lan wawancara dicathet kabeh utawa diklumpukake dadi siji.
- 2) Verifikasi dhata utawa tahap milih lan milah dhata adhedhasar saka rumusan masalah utawa undheran panliten.
- 3) Klasifikasi lan kodifikasi, yaiku nglompokake dhata lan menehi kodhe-kodhe marang dhata-dhata kang wis diklompokake mau.
- 4) Nafsirake dhata, yaiku dhata-dhata kang wis diklumpukake dianalisis siji baka siji kanggo nggoleki isi lan pesen kang kinandhut sajrone *TSA*, dheskripsi kahanan desa, mula buka tradhisi gegayutan anane legendha petilasan NLK, tradhisi kang ana sajrone petilasan NLK, makna lan simbol, fungsi, nilai budaya, lan uga owah-owahan kang dumadi sajrone tradhisi.
- 5) Nyusun draf saka asile panliten kanthi wujud draf skripsi.
- 6) Pungkasane njlentrehake bab dudutan babagan reringkesane isi panliten lan pamrayoga ngenani

upaya kanggo pangrembakane TSA kasebut supaya ora luntur kagiles jaman.

ANDHARAN ASILE PANLITEN Gegambarane Desa Nglambangan

Sadurunge ngrembug babagan TSA, kang bakal dilentrehake luwih dhisik yaiku ngenani asal usul desa lan kahanan alam desa Nglambangan. Sajrone panliten kabudayan anane gegambaran kang ana ing desa Nglambangan iki bakal disambungane karo anane TSA.

Asal-Usul Desa Nglambangan

NLK yaiku salah sawijine tokoh kang isih ana tedhak turune saka kerajaan Kahuripan Kediri nalika ing mangsa pamarintahane Prabu Airlangga. Dikuwatake karo petikan ing ngisor iki.

“Nyai Lambang Kuning niku garwa saking salah sawijine manggalane Kahuripan, nanging durung eruh cethane kuwi sapa. Panjenengane kuwi ya isih ana tedhak turune saka Kahuripan Kadiri yaiku nalika Prabu Airlangga.” (Samiyono, 28 Oktober 2016)

Petikan kasebut nuduhake yen, NLK yaiku garwa saka manggalane Prabu Airlangga. Piyambake nyoba kanggo mlarikan dhiri saka anane geger Calon Arang, amarga ora ana pemudha kang nglamar utawa nampa lamaran anake minangka calon garwane. NLK mlayu ing desa Nglambangan iki lan babad alas ing Madiun iki banjur diwenehi jeneng desa Nglambangan. Diarani desa Nglambangan amarga asale saka jenenge kang babad yaiku NLK. Saliyane kuwi, slaras karo jenenge yaiku lambang dadi menawa ana apa-apa kang ana gegayutane karo desa biasane ana pralambang- pralambang kang dituduhake marang salah sawijine pawongan kang biyasane cedhak karo petilasane.

Kahanan Alam Desa Nglambangan

Desa Nglambangan yaiku kalebu salah sawijine desa kang paling tua ing sisih wetane kutha Madiun. Topografi dhuwure desa saka lumahing segara 63,00 m dpl. curah udan nganti 2.920,00 mm, dene jumlah wulan udan yaiku 6,00 saben sasine. Desa Nglambangan iki wewatesan karo desa Sobrah ing sisih lor, desa Dampelan ing sisih kidul, wilayah perhutani ing sisih wetan, lan desa Betek ing sisih kulon. Desa Nglambangan iki manggone strategis amarga cedhak karo pusat pamarintahane desa Nglambangan.

Gegambaran Bebrayan ing Desa Nglambangan Kecamatan Wungu Kabupaten Madiun

Struktur Pamarentahan

Susunan organisasi lan tata karya pamarentahan desa Nglambangan kaperang saka: Lurah/Kepala Desa, Carik/Sekretaris, Kasi Pamarentahan, Kasi PMD, sarta Kasi Pelayan Umum. Nalika panliti nindakake panliten iki akeh jabatan kang isih kosong utawa durung kaisi kayata jabatan sekretaris desa utawa kelurahan, kepala urusan utawa kaur pembangunan, kaur pemberdayaan masyarakat, lan kaur umum.

Kahanan Pendhudhuk Desa Nglambangan

Cacahe pendhudhuk kang ana ing Desa Nglambangan kecamatan wungu kabupaten Madiun propinsi Jawa Timur yaiku ana 2.436 jiwa, kaperang saka cacahe wong lanang 1.172 jiwa lan cacahe wong wadon 1.264 jiwa. Pendhudhuk produktif ing umur 18–56 taun udakara 1.280 wong. Dideleng saka akehe jumlah pendhudhuk kang luwih saka separo usia produktif, desa Nglambangan bisa dianggep desa kang makmur lan sejahtera amarga anane pamikiran saka masyarakat ing umur semono akeh-akehe wis ngupaya pakaryan kanthi maksimal.

Pangupajiwa Warga ing Desa Nglambangan

Umume masyarakat desa Nglambangan nduweni penggawean paling akeh yaiku minangka buruh tani. Saliyane iku uga ana kang dadi guru swasta, PNS, ibu rumah tangga, buruh harian, buruh jasa perdagangan asil bumi, buruh usaha jasa transportasi lan perhubungan lan liya-liyane.

Pendhidhikan

Sajrone bidhang pendhidhikan, desa Nglambangan wis nduweni fasilitas pendhidhikan kang cukup apik. Saliyane iku, ing desa Nglambangan uga wis nduweni perpustakaan desa dhewe kang manggon ing balai desa Nglambangan. Desa Nglambangan uga kalebu minangka desa kang tuntas wuta aksara. Dibuktikake menawa wis ana luwih saka separo masyarakat ing desa Nglambangan iki kang wis nglakoni wajib belajar minimal sangang taun kang digalakake dening pamarintah.

Agama

Masyarakat utawa pendhudhuk ing desa Nglambangan saperangan gedhe ngugemi agama Islam, nanging uga ana pendhudhuk kang ngugemi agama Kristen. Mung cacahe wong kang ngugemi agama Kristen saperangan wong kira-kira mung sapersen saka total cacahe pendhudhuk.

Gegayutane Kahanan Desa lan TSA

Wujud gegambaran desa Nglambangan nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap kapitayan kang wis dinut dening masyarakat kang wis ana turun temurun. Tindak tanduke masyarakat ing saben dinane uga menehi pangaribawa marang tradhisi kang ana lan ditindakake. Alam bebrayan kang ana ing desa Nglambangan uga nduweni sesambungan lan pangaribawa kang gedhe marang anane TSA petilasan NLK iki. Mula njaga kahanan alam iku kalebu minangka wujud nyata cara ngrembakake tradhisi kasebut. Adicara kang dianakake ing petilasan NLK kaya deneadicara taunan yaiku *Suran Agung* lan sapanunggalane mujudake rasa syukure masyarakat desa Nglambangan marang Gusti Kang Maha Agung uga minangka wujud rasa pakurmatan marang NLK kang dadi tokohe desa.

Mula Bukane Legendha Gegayutan Karo Tuwuhe Tradhisi ing Petilasan NLK

Mula bukane legendha petilasan NLK ora beda kayadene asal-usule desa Nglambangan, amarga kolorone nduweni sesambungan raket antarane siji lan sijine. Mula saka kuwi tuwuhe legendha ora uwat saka asal-usule desa Nglambangan. Banjur Tuwuhe tradhisi kang ana ing petilasan iki wis turun-temurun saka simbah-simbah ing jaman biyen. Tradhisi kang ngrembaka kayata Suran Agung iki kasunyatane wis ana lan wis ngrembaka sadurunge ana petilasan NLK iki. Banjur anane petilasan iki kang dianggep minangka papan panggonan kang sakral amarga ing kono dimakamke danyange desa kasebut, mula sakabehe tradhisi kasebut mau ditindakake ing petilasan NLK iki.

Tradhisi ing Petilasan NLK

Sajrone TSA iki akehadicara-adicara adat utawa tradhisi kang nganti saiki isih dipercaya lan terus dianakake kayadene, slametan, kirab, tahlilan, lan ngalab berkah. Adicara slametan ing petilasan NLK iki ana loro yaiku slametan *Widak Kubra* lan slametan *nadzar*. Banjur saliyaneadicara slametan kasebut anaadicara kirab. Kirab ing kene uga ana rong werna yaiku *Kirab Pusaka* lan uga kirab tumpeng *Boga Warsa*. Adicara liyane kang uga ana lan dilaksanakake ing petilasan NLK nalika *Suran Agung* iki yaiku, tahlilan.

Bancakan utawa Slametan

Miturut KBBI, slametan yaikuadicara kanggo njalukslamet, cethane yaiku upacara sedekah panganan lan ndonga bareng.

SLAMETAN WIDAK KUBRA

Ubarampe Tradhisi Slametan Widak Kubra

Ambeng (Tumpeng)

Ambeng ingadicara slametan widak Kubra iki wujude arupa tumpeng, dadi sega ambeng kang digawa wujude digawetumpeng jangkep karo lawuhane. Ambeng iki wajib ana ingadicara slametan widak Kubra iki, amarga ing kene wujude minangka syarat kanggo pepeke sajen ingadicara slametan widak Kubra.

Gedhang Raja Setangkep

Gedhang kang digunakake yaiku gedhang raja, cacahé ana setangkep lan dipilih sing wis mateng utawa tuwa. Tujuwane supaya sabubareadicara slametan widak Kubra bisa didhahar utawa digawa mulih kabeh warga masyarakat kang teka nalikaadicara slametan widak Kubra iki.

Jenang Putih, Jenang Abang, lan Jenang Baro-Baro

Jenang kang digunakake ing kene wujude ana telu yaiku, jenang putih, jenang abang, lan jenang baro-baro. Katelu jenang kasebut gunane yaiku minangka sajen kang mengkone dicepakake kanggo para leluhur.

Jadah

Jadah iki yaiku panganan kang digawesaka beras ketan kang dicampur karo parutan klapa banjur didang lan ditetel.

Rengginang

Rengginang yaiku sajinise krupuk kandel kang digawesaka sega utawa beras ketan kang digaringne kanthi cara dipepe ing ngisor srengenge banjur digoreng.

Pala Pendhem

Sajen pala pendhem kuwi wajib kudu ana ingadicara slametan widak Kubra iki wujude uga ana maneka werna kang baku kudu mateng. Biyasane kang nggawa pala pendhem kuwi diwajibake Pak Kepala Desa kang minangka punjere desa.

Tatalaku Tradhisi Slametan Widak Kubra

Adicara slametan *Widak Kubra* ditindakake ing malem jemuah Legi lan jemuah Legi awan. Ingadicara *Widak Kubra* iki kabeh masyarakat padha nggawa ambeng (tumpeng). Ambeng diklumpukna dadi siji, banjur ambeng didongani bareng kang dipimpin dening salah sawijine sesepuh desa kasebut.

SLAMETAN NADZAR

Ubarampe Slametan Nadzar

Panggang

Panggang kalebu wujud ubarampe kang kudu ana ingadicara slametan nadzar. Biyasane pitik kang digunakake kanggo diolah minangka panggang kuwi dipilih jago. Panggang iki mengko dadi ubarampe panjangkep sajrone tumpeng.

Endhas Cakar

Endhas cakar kalebu ubarampe kang kudu ana ing nalika salmetan utamae slametan nadzar iki cethane minangka syarat *ujub*.

Tatalaku Slametan Nadzar

Slametan iki dianakake ora dipesthi ing dina apa, gumantung saka kang nduweni khajat utawa *nadzar*. Ora beda kaya slametan-slametan liyane, luwih dhisik, kang nduweni khajat bakal mara lan aweh kabar marang tangga teparo ngenani khajat kang arep ditindakake kuwi. Slametan iki dipimpin dening salah sawijine sesepuh desa. Sadurunge diendumke kanggo tangga teparo luwih dhisik tumpeng bakal dijupuk kanggo diujubake marang NLK kang minangka danyange desa Nglambangan. Syarat kanggo ngujubake yaiku pucuke sega tumpeng kang lincip ndhuwure tumpeng kanthi lawuhan endhas, cakar, lan swiwi.

Kirab

Kirab dilakoni dening masyarakat kanthi cara mlaku iring-iringan kanthi bebarangan lan urut. Biyasane sajrone kirab iki ana barang kang dianggep sakral lan nduweni sifat magis utawa ghaib kang dadi ubarampe kang diiring.

KIRAB TUMPENG BOGA WARSA

Ubarampe Kirab Tumpeng Boga Warsa

Sega Tumpeng

Sega tumpeng iki wujude yaiku digawesaka sega putih kang diwangun utawa dicithak dadi gunungan kang dhuwure ana 2 (rong) meter. Beda karo tumpeng-tumpeng liyane, tumpeng iki isen-isene mung ana

gedhang, saluwihe kayata kembang endhog kuwi mung digunakake minangka hiasan supaya tumpeng katon luwih menarik lan ora mung katon putih.

Kembang

Kembang ing kene digunakake minangka hiasan tumpeng *Boga Warsa* supaya ora katon mung sega gunungan putih. Kejaba digunakake kanggo hiasan. Kembang kang digunakake kanggo hiasan iki ana rong werna yaiku kembang mawar lan uga kembang kenanga.

Endhog lan Gedhang

Endhog kang digunakake ing kene biyasane yaiku nggunakake endhog pitik kampung, dene gedhang biyasane nggunakake gedhang raja. Endhog pitik kampung kuwi wujude godhogan, dene gedhang wujude wis mateng. Mengkone endhog iki diseleh ing pucuke sega tumpeng lan gedhang diseleh ing pinggir-pinggire sega tumpeng.

Tatalaku Kirab Tumpeng Boga Warsa

Kirab tumpeng *Boga Warsa* iki dianakake bebarengan karo *Kirab Pusaka* yaiku ing dina malem setu sawiseadicara slametan utawa bancakan *Widak Kubra*. Tumpeng iki mengko diiring bebarengan karo pusaka. Urut-urutane ana Bapak Lurah manggon ing ngarep banjur pusaka lan mburine maneh tumpeng *Boga Warsa*, saburine tumpeng *Boga Warsa* isih ana akeh maneh kayata ambeng lan sapanunggalane. Bab utama kang uga wajib ana ing *Kirab Pusaka* iki yaiku pala pendhem. Biasane sing wajib gawa pala pendhem iki yaiku Kepala Desa kang minangka punjere desa. Anggone ngarak tumpeng *Boga Warsa* iki, tumpenge dipikul dening wong papat.

KIRAB PUSAKA

Ubarampe Kirab Pusaka

Kembang Setaman

Kembang setaman kang digunakake sajroneadicara kirab pusaka iki yaiku ing antarane ana mawar, mlathi, kanthil, lan kenanga.

Pusaka Tumbak Totog

Tumbak Totog dipercaya minangka pusaka kang bisa nolak balak. Saliyane nduweni khasiat minangka tolak balak pusaka iki biyasane uga digunakake kanggo pager-pager omah, mligine kang omahe manggon ing tengah-tengah protelon utawa omah sunduk sate.

Mori

Mori ing kene digunakake kanggo buntel utawa uwet kanggo pusaka tumbak kang dikirab.

Tatalaku kirab pusaka

Kirab Pusaka dianakake sawiseadicara slametan *Widak Kubra* cethane yaiku ing malem Setu. Pusaka kang digunakake kanggoadicara kirab yaiku Tumbak Totog. Pusaka kasebut mengkone dikirab wiwit saka daleme Pak Lurah nganti tumuju ing pundhen NLK. Bebarengan karo kuwi uga ana kirab tumpeng *Boga Warsa*. Sajrone *Kirab Pusaka* iki Lurah desa

Nglambangan kang minangka pamimpine desa mangon ana ing ngarep diiring dening sesepuh kang nggawa pusaka kang dibuntel kain mori lan kembang ing sisih kiwa lan tengene Bapak Lurah. Babagan liyane kang uga wigati sajrone *Kirab Pusaka* iki yaiku pala pendhem. Beda karo kirab-kirab liyane biayasane pala pendhem kang digunakake kahanane isih entah, nanging kirab iki pala pendheme wis mateng. Nalika ngarak pusaka ora oleh diganteni wong liya. Sabubare diarak keris mau banjur didongani luwih dhisik dening sesepuh desa lan dipasarahake ing pundhen NLK.

Tahlilan Utawa Istigosah

Petilasan NLK iki kerep uga digelar tahlilan utawa istighosah utamane nalika mapag sasi Sura utawa mapag pengetan *TSA*. Tahlilan ditindakake ing malem jemuah legi. Tahlilan utawa istighosah iki dipimpin dening salah sawijine sesepuh desa utawa sapa wae kang ngerteni babagan agama. Nalika ingadicara iki diwiwiti saka maca yasin luwih dhisik, banjur maca tahlil, sholawat diwaca kanthi cara bareng-bareng sabubare kuwi ngaji bareng utawa ceramah.

NGALAB BERKAH

Ubarampe Ngalab Berkah

Kembang telon

Kembang telon yaiku kembang kang cacahe mung ana telung werna. Biyasane kembang iki digunakake kanggo ngirim. Wujude iku arupa kembang kenanga, mawar lan kanthil.

Dupa

Miturut poerwadarminta (1937:72) dupa yaiku enggon-enggonan kutug kang bisa arupa bisa menyen. Saliyane iku dupa iku bisa ditegesi yaiku wangin-wanginan utawa wewangen kang asal mulane saka tlutuh wit damar.

Kinang

Kinang sajrone ritual ngalab berkah ing petilasan NLK wujude ana enjet, gambir, suruh kang dibuntel dadi siji banjur carane yaiku nggunakake yaiku dipamah.

Tatalaku Ngalab Berkah

Tatalaku nindakake ngalab berkah kang biyasane ditindakake dening masyarakat yaiku, kanthi cara semedhi utawa bisa uga andum berkat marang para warga nalika nindakakeadicara slametan ing punden kasebut utawa nalika anane *TSA* ing petilasan NLK iki. Semedhi kang ditindakake dening sawijine pawongan ing petilasan NLK biyasane dilakoni nalika wayah tengah wengi, nalika tengah wengi kasebut dirasa wektu kang paling pas kanggo semedhi, amarga kahanane kang sepi. Kahanan kang sepi kasebut ndadekake pawongan kang semedhi tansaya luwih khusyuk lan bisa luwih konsentrasi maneh anggone nindakake semedhi lan ngenebake kabeh pikiran uga prakara-prakara kang ana ing panguripane.

HIBURAN

Langen Beksan

Tayuban dibarengake karoadicara slametan utawa bancakan. Anane kapitayan menawa danyang ing desane kasebut seneng marang kesenian tayub, mula ingadicara kasebut uga digelaradicara seni tayub. Alesane yaiku kuwatir yen tanpa anane seni tayub ingadicara *Suran Agung*, danyang desa bakale nesu. Saliyane iku, bakal ana bab-bab kang ora dikarepake bisa wae kedadean.

Wayangan

Wayangan ing kene mung dadi sarana kangonglelipur utawa hiburan kanggo masyarakat kang teka ingadicara. Sajroneadicara *Suran Agung* ing petilasan NLK iki ana syarat kang dipercaya dening masyarakat desa Nglambangan nganti saiki yaiku menawa nanggap wayang kudu mentasake lakon “wahyu” sajrone pagelaran wayang kulite. Pagelaran wayang iki dilakoni ing dina Setu bengi sabubareadicara *Kirab Pusaka* lan kirab tumpeng *Boga Warsa*. Sadurungeadicara wayangan dilaksanakake luwih dhisik bapak Lurah desa Nglambangan ngaturna salah sawijine wayang yaiku gunungan marang dalan Ki Endro Kusumo. Dibacutake babare wayangan kanthi lakon “Wahyu Makutarama”.

Makna lan Simbol Kang Kinandhut Sajrone Tradhisi

Sajroneadicara-adicara kang ana ing legendha kasebut nduweni utawa ngandhut simbol-simbol tartamtu ing antarane yaiku kayata kang ana ing tradhisi bancakan utawa slametan, kirab tumpeng *Boga Warsa*, *Kirab Pusaka*, tahlilan lan langen beksan utawa tayuhan. Saliyane makna simbol kang kinandhut sajroneadicarane, ubarampe utawa piranti kang nyengkuyung anane tradhisi uga ngandhut simbol-simbol tartamtu kayadene kembang.

Makna Lan Simbol Kang Kinandhut Sajrone Ubarampe Lan Tatalaku Sajrone Tradhisi SLAMETAN WIDAK KUBRA

Slametan utawa masyarakat desa Nglambangan kerep nyebut bancakan yaiku salah sawijineadicara kang dianakake saben sasi Sura kangenge *Widak Kubra*.

Makna Sajrone Ubarampe Slametan Widak Kubra Ambeng (Tumpeng)

Ambeng yaiku tegese sega kang dikepung nalikane slametan. Segambeng iki nduweni lambang minangka lambange kabegajaran. Tumpeng nduweni teges utawa makna yaiku tumapaking panguripan tumindak lempeng tumuju pangeran. Kabukti saka anane petikan wawancara iki:

“Tumpeng dhewe nggih nduweni makna filosofis mbak, yaiku tumungkula sing mempeng, nek teges ambane tumapaking panguripan tumindak lempeng tumuju pangeran. Werdine, menawa kita kepengin urip slamet kudune tansah rajin ngibadah.” (Mbah. Parman, 29 Oktober 2016).

Tumpeng nduweni makna kang ana sesambungane karo panguripane manungsa ing alam donya. Tumpeng digunakake kanggo salah sawijine wujud utawa sarana pakurmatan marang Gusti lan uga NLK. Wujud isen-isene ambeng utawa tumpeng bakal diandharake siji baka siji kaya mangkene iki.

a. Urap-urapan

Urap mujudake lawuhan kang digawe saka tetuwuhan, kang dicampur karo klapa parut kang wis dicampuri bumbon. Ngenani makna kang kinandhut dibuktekake saka petikan wawancara iki.

“Urap kuwi tegese padha karo urip, dadi minanga manungsa kuwi kudu bisa nguripi, nafkahidi kluwargane kanthi cara kang becik, tegese kuwi halal. Urap uga bisa ditegesi minangka sumber panguripan, tegese yen manungsa kuwi tansah urip sehat, bagas waras kuwi bakal bisa nerusake apa sing wis dadi warisane para leluhure.” (Mbah. Parman, 30 Oktober 2016).

Katrangan ing ndhuwur bisa dingertenien tembung urap kuwi tegese padha karo urip, tegese maneh yaiku bisa nguripi lan nafkahidi kluwargane kanthi cara kang halal utawa becik. Urap uga nduweni teges sumbere panguripan.

b. Pitik Ingkung

Ingkung iki minangka pralambang saka manungsa nalika ngibadah utawa tegese “manembaha ingkang linangkung”. Sajrone ngibadah marang Gusti Allah manungsa kudu tansah khusuk lan ora oleh nganti diundur-undur, ngeling-eling kaya-kaya ibarat sesuk bakale mati. Kabukti saka andharan iki.

“Tegese ingkung kuwi dawane ngene “manembaha ingkang linangkung” dadi manungsa urip ing ngalam donya ki kudu tansah ngibadah kanthi khusuk lan tenanan, ibarate kaya sesok ki wes kaya-kaya arep mati.” (Mbah. Parman, 30 Oktober 2016).

Andharan kasebut nuduhake yen, sejatine ingkung kuwi nduweni makna kang wigati kango panguripane manungsa. Minangka manungsa kang urip ing alam donya iki dikarepake supaya ora nganti lali marang Gustine utamane marang kuwajibane ngibadah kanthi khusuk.

Gedhang Raja Setangkep

Gedhang setangkep nduweni teges minangka sangune urip kang jangkep. Gedhang tegese digawe kadang, cethane, sajrone panguripane manungsa kudu tansah ngutamakake sipat kakluwargan. Kabukti saka petikan iki.

“Gedhang tegese kuwi digawe kadang, cethane sajrone panguripane manungsa kuwi kudu ngutamakake sipat kekeluargaan. Tegese

maneh, menawa nduwe masalah apa wae kudu dirampungake kanthi cara sing apik, supaya ora dadi gedhe lan ora ngrusak paseduluran.” (Mbah Parman, 30 Oktober 2016).

Andharan kasebut nuduhake, yen gedhang nduweni teges kang wigati tumrap panguripane manungsa ing ngalam donya utamane ing panguripan bebrayan lan srawung karo liyane.

Jenang putih, jenang abang, lan jenang baro-baro

Jenang iku nggamarake laire manungsa, jenang putih nggamarake wiji saka bapa, jenang abang nggamarake wiji saka ibu, dene jenang baro-baro mujudake utawa nggamarake kakang kawah adhi ari-ari. Katelune jenang kasebut nduweni pralambang dhewe-dhewe. Jenang putih nduweni makna yen manungsa kuwi ciptaan Gusti, nalika kapisanan ana ing alam donya manungsa kuwi durung nduweni dosa nganti tumindake manungsa kuwi uwis ora nurut marang paugeran-paugeran kang ana.

Jadah

jadah iki nduweni pralambang kanggo ngraketake paseduluran. Kabukti saka petikan ing ngisor iki.

“Jadah kuwi nggawene saka beras ketan mbak. Carane nggawe kuwi ditetel-tetel tujune supaya padet lan raket. Wujude jadah kuwi lak kelet kuwi mujudake supaya kanggo paseduluran kuwi tansaya kelet pasedulurane utawa raket pasedulurane.” (Mbah. Wagnem, 30 Oktober 2016).

Andharan ing ndhuwur bisa dingerten, dikarepake nalika tradhisi iki ditindakake, warga masyarakat ing desa Nglambangan iki mligine pasedulurane tansah tansaya dijaga lan tansaya raket.

Rengginang

Rengginang iki nglambangake rasa persatuan amarga ing kene beras lan ketan kuwi dicampur dadi siji lan raket, tegese nggathukake supaya ora ambyar. Saliyane kuwi, rengginang uga nglambangake kemakmuran. Disengkuyung karo petikan wawancara ing ngisor iki.

“Rengginang kuwi nggamarake kemakmuran merga rengginang kuwi lak digawe saka beras lan ketan, beras lan ketan kuwi dipercaya dening masyarakat kene minangka simbol kemakmuran”.(Mbah Parman, 30 Oktober 2016).

Andharan kasebut nuduhake yen, kanthi anane rengginang ingadicara iki dadi pangajab supaya Gusti Kang Maha Agung tansah terus anggone menehi kemakmuran marang masyarakat desa Nglambangan.

Pala Pendhem

Pala pendhem minangka pangeling-eling menawa sakabehe manungsa kang ana ing donya iki bakal bali ing asale yaiku lemah. Kabukti saka petikan iki.

“Pala pendhem urip lan thukul ing ngisor lemah lha kuwi diwujudake kaya asale manungsa yaiku ya saka lemah, dadi pala pendhem kuwi minangka sarana pangeling-eling kanggo manungsa yaiku kudu tansah eling asale lan baline yaiku asale saka lemah sok mben ya bakal bali ning lemah.” (Samiyono, 28 Oktober 2016).

Petikan kasebut nuduhake yen, pala pendhem dadi sarana kanggo pangeling-eling tumrap para manungsa supaya ora lali marang asale lan uga manungsa uga bakal bali menyang asale.

Makna Sajrone Tatalaku Slametan Widak Kubra

Bancakan utawa slametan yaikuadicara kanggo njaluk slamet, cethane yaiku upacara sedekah panganan lan ndonga bareng, kang tujuwane kanggo nyuwun keslametan lan karenteman kanggo keluarga kang nganakake.

SLAMETAN NADZAR

Makna Sajrone Ubrampe Slametan Nadzar Panggang

Panggang mujudake lambange wong kang kendel amarga ora gumantung saka pitulungane liyan. Kabukti saka petikan wawancara ing ngisor iki:

“Pangang kuwi nglambangake sipay mandhiri. Minangka manungsa kuwi ora oleh gumantung terus-terusan marang wong liya kanggo nyukupi butuhe, dadi kudu bisa usaha dhewe ngupaya kanggo panguripane.” (Samiyono, 28 Oktober 2016).

Andharan kasebut nuduhake, yen panggang kuwi nduweni teges minangka pralambang ngenani sipay mandhiri.

Endhas Cakar

Wujud endhas, cakar, swiwi, blutru kasebut dianggep minangka klangenane NLK utawa panganan kang diseneni dening panjenengane. Mula saka kuwi, masyarakat panyengkuyunge percaya menawa apa kang wis dadi klangenane eyange utawa NLK kasebut menawa bisa dituruti bakal antuk berkah pangestu lan apa kang dikarepake bisa diijabah.

Makna Sajrone Tatalaku Slametan Nadzar

Ora ana bedane karo slametan widak kubra. Slametan iki uga digunakake kanggo sarana muji syukur marang berkah kang wis diparingake dening Gusti Kang Maha Agung. Bancakan utawa slametan yaikuadicara kanggo njaluk slamet, cethane yaiku upacara sedekah panganan lan ndonga bareng, kang tujuwane kanggo

nyuwun keslametan lan katrenteman kanggo keluarga kang nganakake.

KIRAB TUMPENG BOGA WARTA

Diarani tumpeng *Boga Warsa* saka tembung *Boga* lan *Warsa*. Kabukti saka petikan iki.

“Tumpeng *Boga Warsa* kuwi kadadean saka rong tembung. *Boga* lan *Warsa*. *Boga* nduweni teges pangan, dene *Warsa* umume ditegesi taun, nanging sing dimaksud ing kene yaiku nduweni teges udan. Dadi *Boga Warsa* kuwi tegese udan pangan. dikarepake saka anane tradhisi kirab tumpeng iki, desa Nglambangan mligine bisa murah sandhang pangane utawa ora kurang pangan.” (Samiyono, 28 Oktober 2016).

Andharan ing ndhuwur nuduhake, ngenani tegese *Boga Warsa*, yaiku kaperang saka rong tembung *Boga* lan *Warsa*.

Makna Ubarampe Kirab Tumpeng Boga Warsa

Sega tumpeng

Sega putih nggambaraké, yen samubarang kang wis mlebu utawa didhahar utawa kang bakale dadi getih lan daging kudu dipilih saka sumber kang resik utawa halal. Gunungan nduweni makna minangka sawijine wujud pangarep-arep marang Gusti, supaya sajrone panguripane tansah anthuk kawilujengan. Dibuktikake saka petikan iki.

“Sega putih kuwi nglambangake menawa apa kang kudu mlebu lan dipangan kuwi kudu dipilih saka sumber kang resik lan halal. Digawe gunungan kuwi tujune kuwi kanggo ditujokake marang Gusti Allah, supaya apa kang dadi kekarepan bisa kaleksanan utawa bisa dikabulake.” (Mbah. Waginiem, 30 Oktober 2016).

Petikan kasebut nuduhake, yen sega tumpeng kuwi wujude saka sega putih kang diwangun dadi gunungan. Digawe gunungan kuwi ditujokake marang Gusti Kang Maha Agung.

Kembang

Kembang kang digunakake kanggo hiasan iki ana rong werna yaiku kembang mawar lan uga kembang kenanga. Kabukti saka petikan ing ngisor iki.

“Tegese yen kembang mawar kuwi maknane sabar, tegese dikarepna manungsa kuwi bisa ngempet hawa nepsume. Nek kembang kenanga kuwi maknane tumenga, tegese kudu eling marang kiwa tengene utawa seneng tetulung marang liyan.” (Mbah. Parman, 30 Oktober 2016).

Andharan ing ndhuwur bisa dingertené yen, kembang ing kene nduweni piguna kang wigati sajrone tradhisi kirab tumpeng iki. Kejaba saka iku, kembang uga dadi penyengkuyung saka anane tradhisi kasebut.

Endhog

Endhog pitik diumpamakake kaya donya kang cacahé ana telung perangan. Teges mau diumpamakake kayata kalungguhane masyarakat kaperang dadi telung lapisan masyarakat wiwit ndhuwur, tengah, lan ngisor. Kabukti saka petikan iki.

“Endhog kaperang saka telung bungkus, kapisan kuwi kulit, putihé edhog lan kuningé endhog, diumpamakake kaya donya, ning donya kuwi ana wong sing sugih, kecukupan, lan wong kang sarwa kekurangan.” (Samiyono, 28 Oktober 2016).

Petikan kasebut, kuwi bisa dingertené, manungsa kuwi diumpamakake kaya endhog kang nduweni telung lapisan. Menawa manungsa kuwi ana kang sugih, kecukupan, lan uga ana kang sarwa kurang utawa kacingkrangan. Mula saka kuwi dikarepake manungsa bisa urip guyub lan rukun tanpa ana pambeda kang matesi.

Gedhang

Ora beda kaya tegese gedhang kang ana ing sajen slametan *Widak Kubra*, gedhang nglambangake minangka sangune urip kanggo manungsa ing alam donya kang wujude jangkep. Saliyane iku, gedhang nduweni makna liya yen, yaiku tegese “gumrege te nyuwun pepadhang” ing sajrone panguripane ing alam donya manungsa kudu tansah terus nyuwun pituduh marang Gusti Pangeran kanggo nindakake Panguripane supaya lumaku kanthi apik lan becik.

Makna Tatalaku Kirab Tumpeng Boga Warsa

Tatalaku sajrone kirab nduweni makna kang wigati tumrap panguripane manungsa. Kirab pusaka lan kirab tumpeg *Boga Warsa* ditindakake kanthi cara mlaku bareng-bareng lan iring-iringan, iki nduweni makna yen manungsa kudu tansah seneng lumaku bebarengan lan slaras sarta gotong royog bebarengan.

KIRAB PUSAKA

Kirab Pusaka dipercaya minangka salah sawijine sarana kanggo tolak balak, yaiku ngaduhe kekabehe bebayá kang ana ing desa.

Makna Sajrone Ubarampe Kirab Pusaka

Kembang Setaman

Wujude kembang iki nduweni makna kang beda-beda antarane siji lan sijine. Bab iki disengkuyung kanthi anane andharan iki.

“kanthil kuwi tegese kanthi laku tansah kumanthil. Mlathi tegese rasa melad saka njerone ati, kenanga saka tembung kenenga utawa kenangen ing angga, banjur mawar kuwi maneka werna sing ala ben taraw utawa uga bisa diarani mawar mawi arsa lan awar-awar ben taraw.”(Mbah. Parman, 30 Oktober 2016).

Kembang setaman kuwi nduweni teges kang wigati minangka sarana panyengkuyung sajroneadicara *Kirab Pusaka*. Kembang setaman ngemu pitutur-pitutur becik kang bisa digunakake sajrone panguripane manungsa.

Pusaka Tumbak Totog

Tumbak Totog dipercaya minangka pusaka kang bisa nolak balak. Bab iki kabukti ing andharan iki.

“Pusaka-pusaka tilarane NLK sejatine kuwi ana akeh mbak, nanging sing biasane dikirabne ya mung Tumbake mawon mbak”. (Samiyono, 28 Oktober 2016).

Sajroneadicara *Kirab Pusaka* iki, kang dikirab mung salah sawijine pusaka kang dipercaya minangka punjere kang bisa makili sakabehe pusaka tilarane NLK. Pusaka kasebut yaiku Tumbak Totog.

Mori

Kain mori nglambangake kesucian tegese nduweni sipayat becik, lan ora nduweni sipayat kang ala. Werna putih uga minangka sarana pageling-eling marang marang asal lan baline. Kabukti saka petikan iki.

“Kain mori kuwi, pralambang kasucion mbak, wernane putih kuwi mujudake sipayat kang suci, resik lan adoh saka sipayat ala.” (Mbah. Parman, 30 Oktober 2016).

Andharan kasebut nuduhake yen, mori kuwi wigati banget sajrone *Kirab Pusaka* iki. saliyane digunakake kanggo nyucikake pusaka, uga dikarepake anane kain mori iki dadi sarana kanggo pangeling-eling marang sekabehe manungsa marang Gustine.

Makna Sajrone Tatalaku Kirab Pusaka

Ora beda kayadene kirab tumpeng Boga Warsa, kirab pusaka uga nduweni makna minangka sarana kanggo ngruwat desa. Tegese yaiku sarana kanggo mageri desa lan nyucikake desa utawa ngadohake desa saka balak. Tatalaku sajrone kirab nduweni makna kang wigati tumrap anguripane manungsa. Ditindakake kanthi cara mlaku bareng-bareng lan iring-iringan nduweni makna yen manungsa kudu tansah seneng lumaku bebarengan lan slaras sarta gotong royong bebarengan.

Ngalab berkah

Makna Ubarampe Ngalab Berkah Kembang Telon

Kembang telon iki mung nggunakake telung werni. Telung rupa kembang kuwi uga nduweni makna kang beda-beda. Kabukti saka petikan wawancara ing ngisor iki.

“Kembang mawar kuwi tegese sabar. Kanthil gadhing tegese eling. Dene kenanga kuwi tegese tumenga, manungsa kudu tansah ndeleng sisih kiwa tengen lan kudu seneng tetulung marang

tangga utawa liyan.” (Samiyono, 28 Oktober 2016).

Maknane kembang telon kasebut, dikarepake manungsa tansah nduweni sipayat kang sabar, eling marang sapadha-padha lan kang paling wigati eling marang Gusti minangka kang akarya jagad.

Dupa

Dupa iki nduweni makna minangka sarana komunikasi karo leluhure kang sipayat sakral. Kabukti saka andharan iki.

“Keluke saka dupa kuwi mujudake sarana kanggo nyawijkake ragane sing nyekar utawa sing medhitasi ana ing kono karo alam leluhure utawa eyange kene ya NLK kuwi mau.” (Samiyono, 28 Oktober 2016).

Andharan saka petikan kasebut bisa dingerten yen, gandane mujudake menawa apa kang dadi pepenginane saka para peziarah ing petilasan NLK kasebut bisa kasembadan utawa diijabahi dening Gusti Kang Maha Kuwasa.

Kinang

Kinang minangka sesaji kanggo para leluhur supaya apa kang dikarepake bisa kaleksanan lan supaya bisa antuk berkah pangestu saka para leluhur.

Makna Tatalaku Ngalab Berkah

Sajrone ritual ngalab berkah biyasane kanthi cara semedhi utawa nyepi, saka kene bisa dingerten yen sejatine kanggo nggayuh kasampurnaning urip kuwi manungsa kudu bisa ngendhalikake hawa nepsune. Wong kang nindakake semedhi utawa nyepi, kudu nduweni sipayat kang sabar lan bisa ngendhalikake hawa nepsune mula saka kuwi ora sembarang owng bisa nindakake semedhi iki.

Wayangan

Makna Ubarampe Pagelaran Wayang Kulit Ingkung

Ingkung uga nggambaraké manungsa nalika isih bayi sing isih suci durung nduweni lputut apa-apa. Kabukti saka andharan ing ngisor iki.

“Ingkung kuwi nggambaraké manungsa nalika isih bayi, tegese bayi kuwi lak sik suci urung nduweni kaluputan apa-apa.” (Mbah Waginem, 30 Oktober 2016).

Adhedhasaradicara TSA kasebut, mula dikarepake manungsa bisa bali suci. Tegese bisa tumindak becik.

Tumpeng Robyong

Tumpeng iki digawe saka sega putih kang diwangun dadi gunungan. Ana ing pucuk tumpeng diencepi lombok abang lan brambang minangka simbol pucuk tumuju ing Gusti. Kabukti saka petikan wawancara iki.

“Tumpeng robyong kuwi tumpeng sing pinggire isen-isene ana kulupan, nglambangake kemakmurane warga masyarakat.” (Mbah Waganem, 31 Oktober 2016).

Andharan ing ndhuwur nuduhake kanthi anane tumpeng robyong dikarepake warga desa Nglambangan lan masyarakat ing sakupenge tansah pinaringan berkah lan uga kemakmurane saka Gusti Kang Maha Agung.

Jajan Pasar

Jajan pasar kasebut mujudake nglambangake murahe sandhang pangan. kabukti saka petikan iki.

“Jajanan pasar kuwi nggamarake murahe sandhang pangan, panganan sing rena-rena maceme kuwi dadi bukti sugih pangan. Lah apa sing dikarepake yaiku supaya ben sugin sandhang pangan lan murah pangane.” (Mbah. Waganem, 30 Oktober 2016).

Adhedhasar saka petikan kasebut, bisa dingertenin yen jajan pasar yaiku wujud pralambang murahe sandhang pangan.

Gedhang Sanggan Utawa Gedhang Setangkep

Sajrone sajen wayangan iki gedhang dideleh ing wadhab mengko didadekake siji karo bolah utawa benang, kinang, kembang setaman, lan dhuwit wajib. Kinang wujude yaiku ana suruh, gambir, enjet, dene sajrone kembang setaman.

Dhuwit wajib

Dhuwit iki gunane kanggo njangkepi sajen kang kurang. Dhuwit mujudake kuncine donga kang dikarepake lan diomongake. Kabukti saka andharan ing ngisor iki.

“Dhuwit digunaake minangka sarana kanggo genepi utawa njangkepi sajen sing kurang pepeg. (Mbah Waganem, 30 Oktober 2016).

Adhedhasar petikan ing kasebut bisa dingertenin yen, dhuwit kuwi wujud rasa syukure warga masyarakat desa Nglambangan mligine marang Gusti Kang Maha Kuawasa.

Kinang

Kinang mujudake simbol sesembahan marang para leluhur supaya apa kang dikarepake lan dadi gegayuhan bisa kaleksanan lan supaya bisa antuk berkah pangestu saka para leluhur utawa saka danyange.

Kembang setaman

Kembang setaman kuwi wujude kaya kang ana ing ubarampe sadurunge yaiku ing ubarampe kirab. Kembang kasebut ngemu teges dhewe-dhewe kayata mawar tegese binawar, mlathi tegese kedaling lathi, kanthi tegese kumanhil-kanthil ing wardaya, kenanga tegese kenenga utawa kumenang-keneng ing sajrone ati.

Beras

Beras nduweni makna kang wigati, diwiwiti saka carane nandur pari yaiku wiwit saka milih winih kang paling apik, saka proses nandur winih kang wis dipilih mau, proses ngrabuk, ngileni banyu ing sawah, mbabuti suket nganti pungkasane yaiku panen. Tata urutan saka nandur pari nganti panen nduweni makna yen manungsa kuwi kudu tansah ngupaya kanthi tumemenn supaya apa kang dadi pepenginane bisa digayuh.

Kendhil lan kendhi

kendhi lan kendhil kuwi mujudake sawijine pangajabe masyarakat desa Nglambangan supaya antuk rejeki kang linuwih saka Gustine. Kendhil kanthi isi beras dadi wujud pangajab supaya cukup kabutuhan, dene kendhi kanggo isen banyu mujudake rejeki kang lancar lan akeh utawa kebak.

Nilai-Nilai Budaya kang Kinandhut Sajrone Tradhisi Suran Agung

Nilai Dhidhaktik

Nilai dhidhaktik yaiku nilai kang ngandhut ajaran utawa pasinaon.

Nilai etik

Nilai etik yaiku nilai kang ana sesambungane karo akhlak.

Nilai Religius

Nilai religius yaiku nilai kang ana sesambungane karo kapercayaan utawa keyakinan.

Fungsi Tradhisi Suran Agung Tumrap Bebrayan Panyengkuyunge

TSA Minangka Alat Proyeksi

Anane tradhisi lan carita legendha kasebut menehi pangarep- arep marang masyarakat supaya masyarakat tansah pinaringan slamet anggone urip ing alam donya iki. Akeh piguna kang bisa dijupuk saka tradhisi, salah sawijine yaiku kayata kanggo tolak balak sajroneadicara *Suran Agung*.

TSA Minangka Alat Pengesahan Budaya

Anane tradhisi-tradhisi kang isih diugemi dening masyarakat kang ana ing sakupenge petilasan NLK iki, sejatiné bisa nambahi sugih budaya ing desa Nglambangan dhewe mligine. Tradhisi kang isih ngrembaka lan isih ana iki kudu terus diuri-uri supaya tetep bisa lestari, aja nganti budaya lokal utawa budaya kang diduweni bangsa indonesia iki ilang kagerus jaman utawa diakoni dening negara liya.

TSA Minangka Sarana Pendhidhikan

Lumantar TSA kasebut dikarepake bisa menehi pituduh marang generasi mudha yaiku ngenani gambaran anane tradhisi lan fungsi sarta makna-makna kang kinadhusajrone tradhisi bisa dadi medhia pasinaon kang bisa dijupuk paedape kanggo urip bebrayan ing saben dinane lan ing mangsa ngarepe.

TSA Minangka Alat Pengendali Sosial

Petilasan utawa masyarakat kerep ngarani pundhen NLK kasebut bisa dadi alat utawa sarana kanggo ngendhalekake tumindake masyarakat ing sajrone urip bebrayan. Ancas kang utama yaiku bisa ngraketake paseduluran nalikaadicara tradisi *Widak Kubra* ditindakake.

TSA Minangka Alat Kanggo Nentremake Ati

Petilasan NLK iki kerep dadi papan jujungan kanggo wong-wong kang sambat ngenani panguripane. Akeh masyarakat percaya menawa apa kang dikarepake lan perkara kang diadhepi sajrone panguripane bisa kalong utawa suda kanthi lumantar petilasan kasebut.

TSA minangka alat kanggo ngalab berkah

Petilasan NLK iki uga dadi salah sawijine papan kang digunakake kanggo ngalab berkah dening masyarakat kang ana ing sakupenge petilasan utawa sajabane petilasan. Carane yaiku kanthi dedonga marang gusti lumantar NLK.

TSA Minangka Alat Hiburan

Sajrone TSA ing petilasan NLK kang minangka sarana hiburan yaiku nalika ing sasi Sura ditindakakeadicara TSA. Sajrone tradisi kasebut anaadicara-adicara kayadene anane tradisi *Widak Kubra*, bersih desa, slametan, langen beksan utawa tayuban, *Kirab Pusaka* lan sapanunggalane. TSA iki bisa diarani minangka pesta rakyat..

Fungsi Ekonomi

Fungsi kang pungkasan saka anane TSA ing petilasan NLK yaiku fungsi ekonomi. Ananeadicara TSA iki uga menehi kabegian tumrap para bakul kang nggelar dodolan ing sakupenge petilasan. Nalikaadicara kasebut ditindakake, akeh para bakul dadakan kang gelar dagangane awit bakul jajanan, bakul klambi nganti bakul dolanan ngumpul dadi siji ana ing sakupenge petilasan.

OWAH-OWAHAN SAJRONE TSA

Owah-Owahan Sajrone Kagiyatan Utawa Pelaksanaan Tradisi

Jinis kagiyatan tradisi kang ana ingadicara *Suran Agung* sajrone legendha petilasan NLK ing jaman biyen lan jaman saiki uga ngalamani owah-owahan. Kagiyatan kang ana sajroneadicara suran ing jaman biyen mung ditindakake kanthiadicara slametan *Widak Kubra* lan tayuban. Ing jaman saiki jinis kagiyatane digawe tansaya luwih jangkep kayata ana *Kirab Pusaka* lan kirab tumpeng *Boga Warsa*, tahlilan utawa istighozah, tayuban lan uga wayangan.

Owah-Owahan Sajrone Ubarampe Tradisi

Anane owah-owahan ubarampe kuwi mung saithik amerga masyarakat desa Nglambangan isih akeh kang tetep ngugemi lan isih wedi menawa ora dijangkepi. Tuladhaning ubarampe kayata gedhang, jaman biyen gedhang kang digunakake kuwi kudu gedhang raja, nanging ing jaman saiki ora kudu gedhang raja. Kanggo wadhah kang digunakake uga wis beda, menawa dhisik

kanggo wadhah tumpeng digunakake iker, lan iyan nanging saiki uga akeh kang nggunakake kayata tampa plastik utawa atom supaya ora repot nggawe utawa nggampangake.

Faktor-Faktor Kang Nalari Owah-Owahan Sajrone TSA

Unsur Anyar Kang Mlebu Sajrone Tsa Ing Petilasan NLK

Adicara *Suran Agung* luwih rengeng ing jaman saiki. Bab kuwi amarga anane wujud kabudayan anyar kang menehi pangribawa sajroneadicara *Suran Agung* ing petilasan NLK iki. tuladha wujud kabudayan anyar kang nambahi rengengeadicara *Suran Agung* yaiku kayata anane sound system kang bisa narik kawigatene masyarakat kang ana ing sajabane desa Nglambangan, kirab tumpeng *Boga Warsa* lan *Kirab Pusaka* kang nggunakake make up uga kostum kang nambahi rengenge swasana, tayuban lan uga wayangan sarta piranti utawa ubarampe liyane kang nambahi endaheadicara. Nilai sakral kang kinandhut sajroneadicara *Suran Agung* ing petilasan NLK iki ora bakal luntur utawa ilang, amarga wujud unsur kabudayan anyar kang mlebu iku sipate mung nyengkuyung supaya ora ketinggalan jaman.

TANGGAPAN MASYARAKAT NGENANI TSA

Tanggapan masyarakat ngenani TSA lan legendha kang ana ing petilasan NLK kang ngrembaka ing desa Nglambangan kaperang adhedhasar umure yaiku bocah-bocah utawa rumaja lan para sepuh. Akeh saka kalangan bocah lan rumaja kang ora mangertenin genani bab TSA lan legendha kang ngremabaka ing petilasan NLK. Beda maneh karo wong sepuh utawa para sepuh isih akeh sing mangertenin ceritane nanging uga akeh kang ora mangertenin.

PANUTUP

Dudutan

TSA kalebu minangka folklor setengah lisan kang tuwuhan ngrembaka ing desa Nglambangan. Babagan Makna lan simbol kang kinandhut sajrone TSA iki ditintingi nggunakake konsep kang diandharake dening Herusatoto lan Kuntowijoyo. Makna lan simbol kasebut ana ing sajroneadicara kang dianakake lan ubarampe sarta sesaji kang wajib ana nalikaadicara *Suran Agung*. Banjur nilai budaya kang kinandhut ing sajrone TSA iki nggunakake teorine Latin kang ngandharake yen aspek nilai budaya yaiku ana nilai dhidhaktik, nilai etik lan uga nilai religius.

Piguna utawa fungsi saka TSA ing antarane yaiku minangka alat proyeksi, minangka alat pengesahan budaya, minangka sarana pendhidhikan lan minangka alat pengendali sosial. Banjur tuwuhan piguna liyane yaiku minangka alat kanggo nentremake ati, minangka sarana kanggo ngalab berkah, minangka alat hiburan, lan kang pungkasan fungsi ekonomi.

Kejaba saka iku, uga ana owah-owahan sajrone TSA ing desa Nglambangan iki. Owah-owahan sajrone TSA kang ana ing petilasan NLK iki lumrah anane, amarga sawijine kabudayan mesthi ngalami kang jenenge owah-owahan selaras karo pangrembakane jaman.

Kanggo mangerten iowah-owahan kang ana ing TSA sajrone legendha petilasan NLK iki digunakake konsep saka Danandjaja lan uga Koentjaraningrat.

Pamrayoga

Panliten iki nduweni pangarep-arep bisa ndadekake pamrayoga lan renungan marang pihak-pihak pendhidhikan kanggo ndadekake budaya lokal minangka sarana pembelajaran. Kejaba saka iku, panliten iki ga nduweni pangarep-arep supaya bisa menehi paedah marang wong kang durung mangerten iogenani anane legendha lan uga tradisi kang ngrembaka sajrone petilasan NLK. Panliten iogenani Tradisi iki uga kalebu tuladha kanggo nguri-uri kabudayan supaya ora ilang lan katutuhan kabudayan manca.

KAPUSTAKAN

Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Danandjaja, James. 2002. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip Dongeng dan Lain-lain*. Jakarta: PT Midas Surya Grafindo

Djamaris, Edward. 1993. *Nilai Budaya Dalam Beberapa Karya Sastra Daerah Di Sumatra*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa

Daroeso, Bambang. 1983. *Pengantar Pendidikan Moral Pancasila*. Semarang: Aneka Ilmu

Endraswara, Suwardi. 2005. *Tradisi Lisan Jawa*. Yogyakarta: Narasi

_____. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Utama

_____. 2008. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Medpress

Herusatoto, Budiono. 2005. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia

Hutomo, Suripan Sadi, dkk. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Hiski: Komisariat Jawa Timur.

Koentjaraningrat, 1984. *Manusia dan Kebudayaan di indonesia di Indonesia*. Jakarta: Djambatan

_____. 1987. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama

_____. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.

_____. 2009, *Edisi Revisi Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.

Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: Tiara Wacana Yogyakarta

Latini, Endah Susi, dkk. 1996. *Refleksi Nilai-Nilai Budaya Jawa Dalam Serat Suryaraja*. Jakarta: CV Putra Sejati Raya

Maran, Rafael Raga. 2000. *Manusia dan Kebudayaan dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta

Maryeni. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: Bumi Aksara

Moleong, Lexy J. 2009. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosda Karya

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia : J. B Wolters

Uitgevers Maatschappij.

Poerwadarminta. 1976. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta : Balai Pustaka.

Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika (Kajian Puitika Bahasa, Sastra dan Budaya)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Santosa, Gempur. 2007. *Metodologi Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif*. Jakarta: Prestasi Pusaka Publiser

Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta

Soekanto, Soerjono. 1993. *Beberapa Teori Sosiologi Tentang Struktur Masyarakat*. Jakarta: Raja Grafindo Persada

Sulaeman, Munandar. 1998. *Ilmu Budaya Dasar*. Bandung: PT Refika Aditama

Sudikan, Setya Yuana, 2001. *Metode penelitian Kebudayaan*. Surabaya: UNESA Unipres

Sukarmen. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa (Antropologi Budaya)*. surabaya: Unesa Press

Suyono. 1990. *Legenda Asal Usul Nama Tempat Sebagai Bahan Untuk Penulisan Sejarah Lokal*: dalam Bunga Rampai Pelangi Bahasa dan Sastra Indonesia. Surabaya: FPBS IKIP Surabaya

Tim Pusat Bahasa Indonesia. 2008. *Kamus Bebas Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama

UNESA
Universitas Negeri Surabaya